

## Rezime Politik Èd Finansye Nan Yon Langaj Klè

Beth Israel Deaconess Hospital-Milton (BIDH Milton), yon lopital ki pa pou fè pwofi, ki ofri bon swen sante, te kreye pou reponn ak bezwen rezidan Massachusetts ak zòn vwazen yo. Lopital la angajel pou li bay pasyan yo sèvis medikal selon kapasite finansye yo. BIDH Milton konnen ke se pa tout pasyan yo ki kapab peye fakti lopital yo. Rezime nan langaj klè sa bay enfòmasyon bazik sou Politik Èd Finansye nou an.

### Politik Èd Finansye BIDH Milton

Estaf konseye Finansye nou an pral ede moun yo aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo epi ede yo ranpli demann Èd Finansye<sup>1</sup> a san fè yo peye. Pwogram Èd Finansye a ofri pasyan yo sèvis ijans ak lòt sèvis medikal nesese gratis. Ni pasyan ki pa asire ditou, ni pasyan ki gen yon asirans ki pa ka kouvri tout sèvis yo kapab resevwa èd finansye sa. Lè yo fin apwouve, pasyan yo ka resevwa èd sa a ki konsène tout chaj sèvis medikal ki admi yo.

### Swen charite

Nivo Povrete Federal	Kantite lajan pou Asistans
400% oswa mwens	100%

### Difikilte Medikal

100% rediksyon pou pasyan ki gen fakti medikal yo siperyè oswa egal ak 25% salè bri yo.

**Enpòtan:** Kontribisyon ki pa nan Rezo a, koasirans ak franchiz ki pa nan rezo a pa elijib pou èd finansye. Nan okenn ka, yon pasyan ki elijib pou èd finansye pap peye plis pase kantite kòb yo faktire an jeneral pasyan ki asire yo.

### Kijan Pou Jwenn Kèk Egzanplè Sou Politik Ak Aplikasyon Pwogram Èd Finansye Nou An.

Ou ka jwenn yon kopi politik ak fòm aplikasyon gratis nou yo nan fason sa yo:

- Sit entènèt BIDH Milton : <http://www.bidmilton.org/For Patients & Visitors-Financial Information>  
 Vizite biwo Konsiltasyon finansye nou an ki chita nan: 1<sup>st</sup> Floor 199 Reedsdale Road Milton, MA 02186
- Mande pou voye kopi yo swa pa lapòs oswa elektwonikman lèw rele nan (617)313-1388 (Ou kapab rele dirèkteman tou nan nimewo sila pou mande èd pou pwosesis aplikasyon an).

### Politik Èd Finansye, Aplikasyon ak Rezime Politik Èd Finansye a Nan Yon Langaj Klè disponib nan divès lang sa yo.

Anglè	Panyòl	Vyetnamyen
Kreyòl Ayisyen		
Chinwa Senplifye	Chinwa tradisyonèl	

### Pwoteksyon anba Politik Èd Finansye

Pasyan yo dwe te aplike pou pwogram asirans maladi gouvènman yo pandan peryòd 6 mwa k ap swiv demann èd finansye yo pou yo kapab benefisye èd BIDH Milton lan.

Pasyan yo/ Garan yo kapab mande Yon èd finansye nan nenpòt ki moman, rive jiska De San Karant (240) jou apre ke premye relve faktirasyon pòs-sòti a disponib.

Retourne demann ou ranpli an epi voyel bay:

Biwo Beth Israel Deaconess  
 Hospital-Milton nan  
 199 Reedsdale Road  
 Milton, MA 02186

Depi demann lan apwouve, èd finansye yo pral aplike nan:

- Anna Jaques Hospital
- Addison Gilbert Hospital
- BayRidge Hospital
- Beth Israel Deaconess Medical Center
- Beth Israel Deaconess Hospital-Milton
- Beth Israel Deaconess Hospital-Needham
- Beth Israel Deaconess Hospital-Plymouth
- Beverly Hospital
- Lahey Hospital & Medical Center
- Lahey Medical Center, Peabody
- Mount Auburn Hospital
- New England Baptist Hospital
- Winchester Hospital

**NB:** Gen nan pami medsen yo ki pa kouvri anba politik èd finansye BIDH Milton yo Tanpri, vizite sit entènèt nou an oswa kontakte nou nan (617) 313-1388 pou plis enfòmasyon.